

Pou Piblikasyon Imedya: 19/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISMAN DEVLOPMAN LOJMAN SIPÒ NAN PRI  
ABÒDAB KI KOUTE 30 MILYON DOLA NAN BRONX**

***Webster Green yo Fenk Konstwi a Pote 82 Apatman ki gen Sèvis Sipò nan Katye  
Bedford Park***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse finisman yon devlopman lojman sipò nan pri abòdab ki koute 30 milyon dola nan Katye Bedford Park nan Bronx. Webster Green ofri 82 apatman ki nan pri abòdab pou fwaye ki gen revni fèb yo, fanmi ki a risk vin sanzabri yo ak granmoun ki gen andikap yo.

"Nouvo devlopman an ap plis vanse efò nou ap fè pou n konstwi ak pwoteje lojman ki nan pri abòdab nan chak katye nan Bronx ak toupatou nan Eta New York", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Webster Green pral bay rezidan vilnerab Bronx lan yo yon kote sekirite pou yo rete, pandan y ap ofri yo sèvis sipò ak sèvis kominote yo bezwen pou yo pwospere."

"N ap investi nan pwojè k ap fèt nan Bronx yo pou n ka kontinye menm kwasans ak pwogrè nou wè ki gen nan Bedford Park ak nan lòt katye yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Webster Green ofri apatman ki akse sou sante epi ki itilize enèji nan fason efikas pou 82 moun endividyèl ak fanmi yo, kote y ap bay mwatye rezidan yo sèvis jesyon ka ak sèvis sipò. Gran devlopman sa fè pati plan lojman san presedan nou genyen pou n konstwi ak prezève lojman ki nan pri abòdab, ofri sèvis sipò pou sila ki bezwen yo, epi konbat pwoblèm sanzabri a ak amelyore kalite lavi rezidan yo nan Bronx, Vil New York ak toupatou nan Eta a."

Webster Green fè pati angajman Gouvènè a pran pou l bay tout Nouyòkè yo aksè a lojman sekirite ki nan yon pri abòdab gras a plan lojman san presedan li an k ap koute 20 milya dola sou senk an. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan inisyativ devlopman lojman miltifamilyal ak inifamilyal, ak devlopman kominote pou rann lojman aksesib epi konbat fenomèn sanzabri a lè li konstwi oubyen prezève plis pase 100,000 lojman abòdab ak 6,000 lojman ki gen sèvis sipò.

Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te investi plis pase 10 milya dola nan rejyon Vil New York la ki te kreye oswa prezève lojman ki nan pri abòdab pou plis pase 100,000 rezidan, ki gen ladan 14,600 apatman pou plis pase 37,000 moun nan Bronx.

Webster Green genyen yon sèl bilding ki gen uit etaj ki gen ladan yon melanj apatman estidyo, yon chanm akouche ak de chanm akouche. Mwatye apatman yo nan pri abòdab pou fwaye ki gen revni egal oswa pi ba pase 60 pousan Revni Medyan Zòn lan

(Area Median Income), kote y ap bay fwaye ki swa sanzabri oswa ki a risk pou yo vin sanzabri yo preferans. Rè apatman yo ap pou granmoun ki gen andikap ki bezwen sèvis sipò yo.

Bilding lan gen espas yo rezève pou bay sèvis sipò ak jesyon ka The Doe Fund ofri yo nan menm lokalite a pou lokatè sa yo k ap resevwa sèvis yo. Devlopman lojman an ofri bon jan kalite apatman ki nan pri abòdab pou fanmi ak moun endividyèl ki gen revni fèb yo, avèk eleman konsepsyon ak konsiderasyon pou maksimize sante ak byennèt lokatè yo epi ankouraje angajman kominotè.

Enstalasyon bilding lan yo gen ladan yon jaden, yon sal enfòmasyon, enstalasyon lavaj, depo ak yon salon kominotè pou lokatè yo. Katie Bedford Park la pral gen aksè a yon sal kominotè alentryè pou evènman kominotè yo. Epi yo gen nivo Lò sètifikasyon LEED a (Gold LEED) efikasite elve k ap konplèman pakèt efò konsepsyon ak devlopman sa yo.

Finansman Eta a bay Webster Green lan gen ladan Kredi Taks pou Lojman Revni Fèb yo (Low-Income Housing Tax Credits) ke Raymond James Tax Credit Funds Inc. te sendike epi ki te jenere 12.8 milyon dola nan fon pwòp ak 4.5 milyon dola sibvansyon yo te resevwa nan men HCR. Biwo Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la (New York State Office of Temporary and Disability Assistance) te bay 6.5 milyon dola atravè Pwogram Asistans ak Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program) li a. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay 98,400 dola.

Citi te bay 4.6 milyon dola finansman adisyonèl. Administrasyon Resous Zimèn Vil New York la (New York City Human Resources Administration) ap bay referans pou 41 apatman sipò. Devlopè a se The Doe Fund an patenarya ak Robert Sanborn Development.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, te deklare,** "Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, n ap fè efò plis pase jamè pou n redui kantite moun ki sanzabri epi kreye plis lojman ki nan pri abòdab nan Bronx. Webster Green atenn toude objektif sa yo avèk 82 bon jan kalite apatman ki nan yon bilding ki itilize enèji nan fason efikas. Devlopman sa a ofri yon anviwònman sekirite kote moun ka alèz ki pral ede rezidan yo atenn estabilite epi reyisi viv lavi yo".

**Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikape la, Mike Hein te deklare,** "Okenn Nouyòkè pa dwe oblije jere kompleksite yon andikap pandan yo sanzabri. Webster Green pral sèvi kòm yon mondèl estabilite pou moun endividyèl sa yo ak fanmi yo, pou yo ka resevwa sèvis sipò pou ede yo jere kondisyon yo a epi kòmanse pran wout anvan endepandans. Devlopman tankou sila sa reyafime aganjman enfatigab Gouvènè Cuomo pran pou l ofri aksè a lojman estab ki nan pri abòdab pou tout moun - espesyalman rezidan ki pi vilnerab yo nan eta nou an".

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitiv Jeneral NYSERDA, te deklare,** "Asire tout Nouyòkè gen aksè ak lojman sanitè, nan pri abòdab epi ki itilize enèji nan fason efikas se yon premye priyorite nan kad Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Gouvènè Cuomo a. Webster Green mete aksan sou fason estrateji global eta genyen pou l sipòte

kèk nan rezidan ki pi vilnerab yo ap rantabilize chak opòtinite pou ofri avantaj konsiderab pou rezidan yo pandan y ap redui degajman gaz danjre yo, kreye kominote ki pi sekirite ak pi ekolojik, epi pwoteje anviwònman nou an pou jenerasyon k ap vini yo".

**Senatè Jamaal Bailey te deklare,** "Lojman se yon dwa moun - epi kriz lojman te afekte tout zòn nan eta a, espesyalman nan Bronx. Pwojè tankou Webster Green Apartments lan enpòtan anpil pou nou ka prezève lojman ki nan pri abòdab pou rezidan Bronx yo epi ofri yo enstalasyon modèn depwent. Konplèks apatman sa a konsantre sou lit kont pwoblèm andemik sanzabri a ke vil la ap konfwonte aktyèlman la. Bilding lan te atribiye apatman yo bay rezidan ki sanzabri oswa ki a risk pou yo vin sanzabri ansanm ak lojman sipò pou granmoun ki gen andikap yo. Mwen ta renmen remèsye Doe Fund paske yo rete alatèt pwojè sa a ak tout lòt ajans ak òganizasyon yo ki te rann sa posib".

**Manm Asanble Nathalia Fernandez te deklare,** "Aksè a lojman ki nan pri abòdab se yon pwoblèm toupatou nan Vil New York. Avèk to moun sanzabri ak fanmi y ap demenaje yo k ap ogmante deplizanpli, li enpòtan pou nou tabli devlopman lojman sipò ki nan pri abòdab tankou Webster Green Apartments. Non sèlman lojman sa yo nan pri abòdab, men tou Doe Fund pral ofri espas yo byen bezwen pou loje sèvis pou fanmi sa yo. Li vrèman bèl pou n wè apatman sa yo nan minisipalite nou an k ap sèvi ki pi vilnerab nou yo".

**Prezidan Minisipalite Bronx lan, Ruben Diaz Jr. te deklare,** "Devlopman sa a se yon bèl egzanp ki montre fason yo ka itilize devlopman novatè byen reflechi kòm yon zouti pou sipòte manm ki pi vilnerab yo nan kominote nou an. Nou bezwen ankouraje plis devlopman konsa pou n asire ke n ap satisfè bezwen moun Bronx ki gen revni fèb, ki sanzabri ak andikape yo. Mèsi a Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la pou angajman nou pran anvè pwojè sa a".

**George McDonald, ki se Prezidan ak Fondatè Doe Fund lan, te deklare,** "Depi 30 tan, Doe Fund ap travay pou mete fen nan pwoblèm sanzabri a pa mwayen lit pou jistis sosyal ak pou kase chèn povrete, adiksyon, ak redisivis ekrazan an. Pwogram global nou an, Prè, Vle, ak Kapab la ("Ready, Wiling & Able") sipòte reyentegrasyon moun yo nan sosyete a ak pakou pou yo vin an mezi pou yo pran swen tèt yo. Nou fyè de moun nou yo lè yo kite Doe Fund epi yo al kòmanse nouèl vi yo, men menm jan ak anpil lòt moun toupatou nan New York, yo bezwen lojman ki nan pri abòdab, epi nan kèk ka, yo bezwen lojman sipò pou yo ka reyalize objektif sa a. Pandan dènye ane ki sot pase yo, nou te ogmante pòtfèy lojman nou an pou n ka satisfè bezwen sa yo gras a devlopman tankou Webster Green lan. Jodi a, Doe Fund gen plis pase 1 milyon pye kare lojman, epi nou remèsye eta nou an, vil nou an, ak patnè nou yo nan sektè prive a pou sipò yo te ban nou nan kad kreyasyon lojman sekirite, ki nan pri abòdab".

**Maygen Moore, Ajan Prensipal Investisman Kominotè, Kòporasyon pou Lojman Sipò a (Corporation for Supportive Housing, CSH), te deklare,** "Webster Green pral yon kay akeyan pou Nouyòkè vilnerab ki gen revni fèb yo, kote l ap ofri yo yon platfòm sekirite ak solidè k ap ede yo estabilize sante yo epi vanse lavi yo vè lavan. CSH paka tann pou n adopte lojman k ap amelyore aksè a swen sante tou, epi nou fyè pou n te prete The Doe Fund 3 milyon dola pou Webster Green nan kòmansman pwosesis la pou yo te ka finanse acha tèren an ak depans preliminè devlopman yo".

**Darryl Seavey, Visprezidan Direktè Akizisyon pou Raymond James Tax Credit Funds, Inc. te deklare,** "Se toujou yon plezi pou Raymond James fè patenarya ak The Doe Fund epi ede vanse misyon enpòtan yo genyen pou ofri sèvis sosyal ak bon kalite lojman ki nan pri abòdab Nouyòkè ki gen revni fèb yo merite. Nouvo Webster Green Apartments yo fenk fini la se yon pwojè yon te vrèman byen konsevwa k ap plis ranfòse angajman inebranlab Doe Fund pran pou yo ede asire yon pi bon kalite lavi pou kèk nan sitwayen ki pi vilnerab yo nan vil la. Felisitasyon a John McDonald ak Larry Gordon pou egzekisyon sipèb yon lòt pwojè reyisi Doe Fund".

**Tricia Yarger, Direktris, Citi Community Capital te deklare,** "Se yon plezi pou Citi patisipe nan finansman Webster Green. Kay sa yo pral ofri rezidan yo lapè nan tèt sou fòm opsyon lojman sekiritè, estab ki nan pri abòdab. Nouvo devlopman sa a pral ede jenere aktivite ekonomik tou epi l ap gen yon efè pozitif sou rezidan l yo ak sou kominote Bronx lan pandan anpil ane k ap vini ankò".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)